

TATA PANGIBADAH MINGGU KRISTUS RAJA

21 NOVEMBER 2021

Gedung Induk GKJ Ambarrukma

(Warni liturgis pethak)

1. **Pacawisan : Imam mimpin pandonga ing konsistori**

2. **Liturgos :**

“Pasamuwan kinasih wonten ing Gusti Yesus Kristus, ingkang rawuh wonten ing dalem pamujan utawi ingkang ngibadah lumantar giyaran live streaming ing kanal youtube GKJ Ambarrukma, minangka Pradataning Pasamuwan kula ngaturaken sugeng enjang, mughi-mughi katentreman lan kasarasan tansah rumentah dhumateng Bapak, Ibu, lan para Sadherek sadaya.

Nyuwun kawigatosan sawetawis tumrap pamaosing saperangan pawartos Minggu, 21 November 2021 (**maosaken pawartos...**). Jangkeping pawartos sumangga saged dipun waos lumantar pawartos on-line ingkang saged kaunduh mawi QR code, ingkang dipun tayangaken wonten layar menika utawi ingkang sampun kacawisaken lumantar grup whatsapp.

Bapak, Ibu saha Sadherek kinasih, ngemutaken malih bilih atur pisungsung saged kalebetaken wonten ing kanthong utawi kothak ingkang sampun kacawisaken wonten ing kori ngajeng grejo saderengipun pangibadah kawiwitan.

Pasamuwan kinasih ingkang binerkahan ing Gusti, pepujen pangibadah wonten ing wekdal punika mirunggan badhe kaladosan dening paguyuban karawitan Kalvari Adi GKJ Ambarrukma.

Sumangga kita lumebet ing pangibadah kanti sesarengan memuji Asmanipun Gusti lumantar kidung **“MRING PADALEMANING ALLAH” (Lancaran Pelog Barang) : 2 pada.Pasamuwan kula aturi jumeneng.....**

Saestu nengsemken dhuh Gusti kagunganta dalem suci
Papan pangabekti piniji Nyawa kula sanget kapang
Sowan Gusti sesarengan Sung panggunggung aneng pamujan
Manah sumyak mring Pangeran Nggih Allah kang mengku gesang

Inkang tansah memuji Gusti Wah manggen ing dalem suci
Yeku tyang rahayu ing ati Tyang kang tansah kangen Allah
Karosannya neng Yehuwah tan wigih kangelan ngibadah
Yen kasatan jroning mlampah rinoban jawahing berkah

(Kidung kawiwitan, Imam lan Pengkotbah lumebet dhumateng altar, Imam kalajengaken ngaturaken Kitab Suci dhumateng Pengkotbah)

3. **Votum tuwin Salam Karaharjan**

(Pasamuwan Jumeneing)

Pandhita : **Lagon Pelog Nem**

Pitulungan kita punika pinangkanipun saking sawab berkahing Allah Rama ingkang nitahaken langit lan bumi. Sih rahmat lan tentrem rahayu saking Allah Rama kita tuwin Gusti Yesus Kristus muging wontena ing panjenengan sadaya.

Sadaya : . . 7 6 . . 6 7 5 . 5 6 5 3 2

Amin..... A - min... A - min

(Liturgos: *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

4. **Lektor : Waosan Sabda Introitus : 2 Samuel 23 : 1 - 7**

Waosan sabda introitus kapethik saking **2 Samuel 23 : 1 - 7**, ingkang badhe kula aturaken lumantar sekar macapat Dhandhangula.

Lektor : **Mekaten sabdanipun Gusti**

Pasamuwan : **2 2 . 6 1 2 3 6 5 3 2**

Puji sokur konjuk Gusti

5. **Liturgos** : “Pasamuwan ingkang dipun tresnani ugi nresnani Gusti, saestu menawi kita tansah pasrah sumarah dhumateng Pangeran, kawilujengan lan kabingahan tansah nunggil dhumateng gesang kita, lan kita dipun tebihaken saking landheping ri wonten pagesangan punika. Sumangga kita tumunten nanggapi sabdanipun Gusti kanthi repening kidung **“TEKADING MANAH” (Ladrang Mungguh Gunung Pelog Nem) : 2 pada.**

Tekading manah kawula ndherek Gusti
Yeku panutan sanyata
Nggih panebus sejati Gusti Yesus Kristus
Kawula ndherek Paduka slami-laminya.

Kula mesthi ndherek Gusti salaminya
Nggih martosken Injil suci
Margining tyang waluya pitados Gusti
Yesus Kristus juru wilujeng sanyata.

6. **Pandhita : Sabda Andharaning Katresnan : 1 Yokanan 2 : 15 - 17**

7. **Imam : Pacawisan Pamratobat**

“Bapak, Ibu, saha para Sadherek brayatipun Gusti, wongsal-wangsul kita dipun emutaken lumantar sabdanipun, bilih kita kedah nilaraken samukawis ingkang asipat kadonyan, awit menawi kita gesang rumaket dhumateng kadonyan, kita sadaya badhe kecalan katresnan, sae katresnan dhumateng Sang Rama punapa dene dhumateng sesami. Pramila sumangga kita sami ngrumaosi lan ngraos-raosaken punapa gesang kita taksih ngugemi kajeng kita piyambak, punapa sampun pantes wonten ing ngarsanipun Gusti. Kita cawisaken pamratobat kita lumantar kidung **“PITOBAT” (Ladrang Asmarandana Jaka Lola Laras Pelog Pathrt Barang) : kaping kalih**

Dhuh Yehuwah Gusti sesembahan mami
Amba marek mring Paduka
Ambekta dosa kang katon
Ugi ingkang tan katingal
Nggih mug i kaberatna
Sagedna tumindak sadu
Manut mring pangreh Paduka

8. Imam: Pandonga Pamratobat

Sumangga kita sami nelangsani sadaya kalepatan kita wonten ing Gusti, kita lumebet ing pandonga pamratobat:

“Kepareng kawula marek sowan wonten Ngarsa Paduka dhuh Gusti, kanthi manah ingkang kebak ing panelangsani, awit kawula dereng saged gesang miturut karsa Paduka. Kawula taksih cubluk, mboten saged ngraos-ngraosaken punapa ingkang dados dhawuh Paduka. Kawula dereng saged nebihaken manah kawula saking gesang kadonyan, kawula dereng nresnani Paduka kanthi tulus, punapa malih tresna dhumateng sesami kawula. Pramila dhuh Gusti, namung Paduka ingkang saged mulihaken kawula lumantar sih wilasa Paduka. Mug i Paduka apunten sadaya dosa lan kalepatan kawula lan mulihaken kawula, satemah kawula saged nglampahi gesang kanthi sae lan ndherek karsa Paduka.

Atur pamratobat kawula punika, kawula aturaken lumantar Gusti kawula Yesus Kristus. Amin.”

9. Pandhita : Pawartos Sih-Rahmat : 2 Tesalonika 2 : 13 - 14

10. Pandhita : Pangatag-atag Gesang Anyar : 1 Timotius 6 : 11 - 12

11. Liturgos : “Pasamuwan kinasih, kita punika umat ingkang sampun katimbangan lan piniji dening Gusti, pramila sumangga kita sami martosaken asmanipun Gusti Yesus Kristus, kanthi ngupadi gesang langgeng lumantar pitados ingkang utami. Kita sanggemi dhawuhipun Gusti kanthi ngrepenaken kekidungan **“ENDAHING SEDULURAN” (Ketawang Pelog Nem) : 2 pada.....** (*Pasamuwan kula aturi jumeneng*)

Endahing saduluran manut rehing Pangeran, sami dene ngajeni wah mbiyantoni.
Nadyan beda agama wah beda golongannya, tunggal rasa, pambekan, pri kamanungsan.
Kluwung pindhanya, endahing warna, nyawiji mbangun urip kang adya, tentrem raharja.

Rukun ing pitepangan, sumanak ing rembagan; dhemen sung pangapura, nyirik piala;
nging samnya silih ngalah, mbabarken tresna tansah, nulad ing sihe Allah mring sagung titah
Kluwung pindhanya, endahing warna, nyawiji mbangun urip kang adya, tentrem raharja.

(Liturgos : *Pasamuwan kula aturi lenggah.....*)

12. **Wedharing Sabdanipun Gusti**

(Pasamuwan Lenggah)

a) **Pandhita : Pandonga Epiklese**

b) **Pandhita : maosaken YOKANAN 18 : 33 - 37**

c) **Pandhita : Lagon Pelog Barang**

Rahayu saben tiyang ingkang mirengaken sabdanipun Gusti lan nindhakaken karsanipun Gusti ing gesang padintenan. Haleluya.

Pasamuwan: 2 3 2 7 2 3 .. 2 3 2 7 2 3 ..

Haleluya Amin Haleluya Amin

2 3 5 6 7 6 .. 5 7 6 5 6 5 ..

Haleluya Amin Haleluya Amin

d) **Irah-irahan: “Uripna Pracayamu”**

e) **Ancas : Pasamuwan kaajab tetep nuwuhaken semangat kagem nyunaraken paseksen iman kanthi leres lan kebak ing tanggel jawab.**

13. **Pisungsung**

Imam : “Pasamuwan kinasih, sumangga sabda pangandikanipun Gusti ingkang sampun kita tampi kita patrapaken wonten ing gesang padintenan, satemah kita saged dados paseksi lan nyunaraken kayekten.

Kanthi raos bingah sumangga kita caosaken sokur wonten ngarsanipun Gusti kanthi ngaturaken pisungsung. Tetales pisungsung kita pethik saking 1 Tesalonika 5 : 16 - 18 ingkang suraosipun mekaten: “Tansah padha bungaha. aja kendhat anggonmu ndedonga. Padha ngunjukna panuwun ing sabarang kang tinemu awit iku kang dikarsake dening Gusti Allah ana ing Sang Kristus Yesus tumrap kowe.”

Sumangga pisungsung ingkang sampun kita piji lan sampun kita aturaken saderengipun pangibadah kawiwitan inggih punika kanthong setunggal lan kalih kagem pasamuwan, kanthong tiga kagem panyengkuyung dana griya emeritus, punapa dene pisungsung wulanan utawi mirunggan, kita unjukaken wonten ing ngarsanipun Gusti sesarengan kanthi repening kidung “CAOS PISUNGSUNG” (lancaran laras pelog pathet nem) : 2 pada

Caosa pisungsung mring Hyang Ma Agung
Krana gunging sih rahmat datan kendhat
Bandha arta lan pethingan
Gesang tansah binerkahan

Tangan suku kula tansah makarya
Mrih sesami nampi berkahing Gusti
Nampeni berkahing Gusti
Ngantos dumugeng wekasan

14. **Pandhita : Pandonga Syukur lan Syafaat**

15. **Liturgos** : “Bapak, Ibu, lan Sadherek kekasihipun Gusti, seserengan kaliyan sadaya umat ingkang pitados ing salumahing bumi, sumangga seserengan kita pocapaken **Pangaken Pitados Rasuli...**pasamuwan kula aturi jumeneng....

- a) Kawula pitados dhateng Allah Sang Rama, ingkang Mahakawasa, ingkang nitahaken langit kaliyan bumi.
- b) Inggih pitados dhateng Yesus Kristus ingkang Putra ontang-anting, Gusti kawula.
- c) Inggih kabobotaken dening Roh Suci, miyos saking prawan Maryam.
- d) Inggih nandhang sangsara nalika jumenengipun Pontius Pilatus, kasalib, nglampahi seda, lajeng kasarekaken, tumedhak dhateng ing teleng palimengan.
- e) Ing tigang dintenipun wungu malih saking antawisipun tiyang pejah.
- f) Lajeng sumengka dhateng ing swarga, pinarak wonten ing tengenipun Allah Sang Rama ingkang mahakawasa,
- g) Saking ngriku inggih badhe rawuhipun ngadili tiyang ingkang gesang kaliyan ingkang pejah.
- h) Kawula pitados dhateng Roh Suci.
- i) Kawula pitados wontenipun pasamuwan Kristen satunggal ingkang suci sarta wradin, inggih patunggilanipun para suci.
- j) Punapa-dene pangapunte ning dosa.
- k) Tanginipun raga.
- l) Sarta gesang langgeng.

16. **Pandhita : Paladosan Berkah**

17. **Liturgos** : “Pradataning Pasamuwan ngaturaken gunging panuwun dhumateng **Ibu Nugraheni Siwi Rumanti** lan sadaya paraga ingkang nyengkuyung lampahing pangibadah punika.

Pasamuwan kinasih, sumangga kita pungkasi pangibadah punika kanthi katentreman lan karahayon, awit kasarasan tansah wonten ing kita sadaya. Sumangga kita punggel rante panularan COVID–19 kanthi tansah cundhuk dhumateng protokol kesehatan ingkang sampun katetepaken.

Sumangga pangibadah kita pungkasi kanthi repening kidung “**NUNGGIL KALIYAN GUSTI**” (**Lancaran Pelog Barang**)

Yen nunggil lan Gusti rintem dalu
Manah langkung tentrem arahayu
Kula angamtos Gusti siyang klayan ratri
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti mami

Yen nunggil lan Gusti, jro ginodha
Kula saged unggul maring dosa
Kula angamtos Gusti siyang klayan ratri
Nyuwun berkah dhuh Gusti, Gusti mami